Хабзэм убзэ ищIэркъым

2-нэ нап.

ЩIэныгъэлIхэр къыхуоблагъэ

2-нэ нап.

Адыгэбзэр зэзэмыгъащIэу, урысыбзэр сыдIэн слъэкIакъым

3-нэ нап.

ЩIэщыгъуаз къахельагъукIыф

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№24 (24.462) ● 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 2, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ЩIэблэр ди блэкIам щагъэгъуазэ

4-нэ нап.

КЪБР-м и IэтащхьэмрэПравительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

IэпщIэлъапщIэхэм Мейкъуапэ щрагъажьэ

«ИлъэсымицIыху Iэпщlэлъапщlэ» урысейпсо зэпеуэм и ныпыр щызэлIэпахыну эстафетэр гъэзэгу зэрытеувэм теухуауэ Мейкъуапэ щрагъэкIуэкIа дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Зэхьыхьэр къызэIуахащ Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергейрэ Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КумпIылI Муратрэ. Абы къырихьэлIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид, Ингуш Республикэм и Iэтащхьэ Калиматов Мыхьмуд-Алий, Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округрэм егъэджэныгъэмкIэ я лэжьакIуэхэм я лIыкIуэхэр.

«ИЛЪЭСЫМ и цIыху Iэпщlэлъапщlэ» урысейпсо зэпеуэр 2021 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI. Дызэрыт илъэсым абы зыхуэгъэхьэзырыпи мы эстафетэмкIэ щIадзащ икIи зэхьэзэхуэм и ныпыр Урысейм и федеральнэ округ псоми щызэIэпахынущ. Конкурсыр хуэунэтIащ Iэщlагъэхэр щрагъэгъуэт курыт Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм ящыщу нэхъ Iэкlуэлъакlуэхэр, жэрдэм зыхэлъхэр наIуэ къащIыным икIи абыхэм ядIэпыкъуным, Iуэхум тегъэгушхуэным.

Зэхьыхьэм къыщыщIапсалъэм КIуэкIуэ Казбек Урысейм и Правительствэм, УФ-м Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм фIыщIэ яхуищIащ курыт профессиональнэ еджапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ Iэмалхэр къызэрызэрагъэпэщым папщIэ. Иджыпсту республикэм и апхуэдэ еджапIэхэм студент мин 17 щIэсщ икIи абыхэм гъэсакIуэу 800 ядолажьэ. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ колледжэм къыщызэIуах промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм, егъэджэныгъэм, ИТ-индустрием, Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIэзыгъэкI Iэнатlэм папщIэ нэхъ зыхуэныкъуэ Iэщlагъэлlэхр щагъэхьэзырыну лъэщапIэ пэшхэр. Абыхэм я бжыгъэр 2024 гъэм ирихьэлIэу 70-м нагъэсынущ.

А махуэ дыдэм Адыгейм щрагъэжьащ «Анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо конкурсым и щIыналъэ Iыхьэр. Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэм зыхэзыригъэпэща а зэпеуэр нэгъабэ ялэу екIуэкIащ. 2023 гъэм-УФ-м и Президент Путин Владимир Егъэджакlуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсу игъэувам и дамыгъэм щIэту щытынущ конкурсыр. Ар хуэунэтIащ анэдэлъхубзэр егъэджыныкIэ Iэмалыщlэхэр хабзэгъэхэр хъумэнырщ. Дэ ди дежь зыри къыщыдгъэнэнкъым, адрей еджакIуэ псоми хуэдэу, анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэми защIэдгъэкъуэн папщIэ», - хэхуэу къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек. Абы езым и лэжьэгъу, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КумпIылI Мурат фIыщIэ хуищIащ мы Iуэхум хэтын папщIэ зэрыригъэблагъэм къыхэкIыу.

Конституцэм щыщIэгъэбыдар - Урысейм лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэр арауэ зэрыщытыр. Урысей Федерацэм ахэр быдэу щызэхуэгъэуэвзнымкIэ мыхьэнэ хэха урысыбзэм иIэщ. Анэдэлъхубзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм я кьалэн хэхар къэрал зэкъуэтым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэр, абыхэм кьадекIуэкI хабзэхэр хъумэныр щ. Дэ ди дежь зыри кьыщыдгъэнэнкъым, адрей еджакIуэ псоми хуэдэу, анэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэми защIэдгъэкъуэн папщIэ», - хэхуэу къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек. Абы езым и лэжьэгъу, Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КумпIылI Мурат фIыщIэ хуищIащ мы Iуэхум хэтын папщIэ зэрыригъэблагъэм къыхэкIыу.

● Дызэкъуэту

ЗауэлIхэр трегъэгушхуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэм я деж щыIащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зауэ Iуэху хэхар щекIуэкI щыпIэхэм зауэ кьалэнхэр щагъэзащIэу дзэм кьулыкъу щызыщIэ ди щIалэхэм я деж сыщыIащ. Зыхуей-зыхуэныкъуэхэр яхуэсщащ. Абыхэм яхэтщ техникэ Iэмэпсымэхэр, квадрокоптерхэр, тепловизорхэр, урыскъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэхъ зыхуэныкъуэну медицинэ хьэпшыпхэр, щыгъын хуабэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ди зауэлIхэм кьулыкъур щрахьэкI кьудамэм и унафэщIым сепсэлъащ. Республикэм кьыбгъэдэкIыу зыхуэныкъуэ дэIепыкъуныгъэхэм я гугъу тщIащ. Дзэ унафэщIхэм кьыхагъэщащ ди щIалэхэр Iуэхум хуэIэрыхуэу, тегушхуэныгъэ яхэлъу зэрыщытыр. КьыззрыдэлъэIуар зыщ - я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ гулъытэ хэха яхуэтщIыну. А Iуэхур сытым дежи ди нэIэ щIэдгъэтщ, щIалэхэм я унагъуэхэм пыщIэныгъэ яхуди Iэщ. Ди зауэлIхэм адэкIи зэрытхуэзэфIэкIкIэ зэрызащIэдгъэкъуэным, зыхуэныкъуэ псомкIи кьызэрызэдгъэпэщыным иужь дитынущ», - щыжиIащ республикэм и Iэтащхьэм и телеграм-напэкIуэцIым.

● Лъэпкъ Iуэху

Дунейпсо адыгэ диктант

Хабзэ дахэ хъуауэ, ди лъэпкъэгъуэхэр куэду щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ кьыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ диктант. Мы гъэм ар етхуанэу екIуэкIынущ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм, гъатхэпэм и 14-м, ирырагъэхьэлIэ Iуэху дахэхэм ящыщ, лъэпкъым и щIыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи гурыщIэм щызыгъафIэ хэкупсэхэр кьызэщIэзыуфыдэ а Iуэрытхыр кьыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэмкIэ и къудамэм. Диктантым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэр адэкIи егъэфIэкIуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.

МЫГЪЭРЕЙ диктантыр гъатхэпэм и 11-м екIуэкIынущ. Офлайн щыкIэм тету ар кьыщыкIэрагъэпэщыну ди республикэм и щIыналъэхэм, кьалэхэм щылажьэ курыт школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм. Апхуэдэхэщ, кьапщтэмэ, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетыр (аудиторэ №501-нэ, СГИ), КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэш университетыр (экономикэ факультет, 4-нэ кьат), Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэр. Диктантым сыхьэт 12-м щIидзэнущ.

Адыгэ диктантыр зытхыну гукъыдэж зиIэхэр абы хэт хъунущ онлайн щыкIэм тету, https://youtube.com/live/7mVrWoLxRiO?feature=share электрон хэщIапIэр кьагъэсэбэпу. Апхуэдэхэм я лэжьыгъэхэр зы сыхьэтым кьриубыдэу ягъэхьын хуейщ dahnalchik@gmail.com электрон пощтым.

Iуэху дахэм хэтыну кьыхудоджэ адыгэбзэр фIыуэ зыIулъагъу, абы и кьэкIуэныр ирипIейтей хэкупсэ псори. Ар итх хъунущ гукъыдэж зиIэ дэтхэнэми, и ныбжьми, Iэщlагъэми, бгъэдэлъ щIэныгъэми, бзэм зэрыхуэIэрыхуэми емыIыпIауэ. Адыгэ диктантым ехьэлIа Iуэху псоми нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зыщыхуэупщIы-фынущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и intercircass.org сайтымкIэ. Апхуэдэуи фыщIэупщIэ хъунущ **89289109975, 89286934817** телефонхэмкIэ.

Егъэджэныгъэ акцэр екIуэкIынущ Граждан жылагъуэм зегъэужьынымкIэ УФ-м и Президентым кьыхилъхьа грантыр и лъабжьэу. Ар Президент грантхэм я фондым кьыхэкIащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩIыналъэ щхьэхуэныгъэхэр къалъытэнущ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэлущIэр мазаем и 28-м иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу УФ-м и сенатор Ульбашев Мухьэрбий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэм КИФЩI-м щIиэ аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и прокурор Хабаров Николай.

ДЕПУТАТХЭМ етIуанэ еджэгъуэу кьаущтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм юридическэ дэIепыкъуныгъэр пщIэншэу кьызэрыщызэрагъэпэщым теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 2-м зэхуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхуэкlэ» КъБР-м и законым и проектыр.

КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ щынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтыныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Есэнкъул Ахьмэд** къызэрыхигъэщамкIэ, дэфтэрыр кьыхалъхьащ республикэм юридическэ дэIепыкъуныгъэхэр пщIэншэу зэрырат щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэн щхьэкIэ. Иджы апхуэдэ дэIепыкъуныгъэр ягъуэтынущ УФ-м Iэщlакlэ ЗэщIэуэзда и Кьарухэм дзэ кьулыкъу щрахьэкIыну ираджахэм, 2022 гъэм мазаем и 24-м кьыщыщIэдзауэ Донецк, Луганск щIыхьэ гуэркIэ ирагъэкъуэн папщIэ, федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу республикэм кьагъакIуэ ахъшэм теухуа зэгурыIуэныгъэмрэ бюджет кредитхэр пшыныжьыным хуэгъэзамрэ дыщIагъу зэгурыIуэныгъэхэм арэзы техъуэныр. КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ** зэрыжиIамкIэ, дэфтэрым ипкъ иткIэ щIыналъэм бюджет кредитхэмкIэ тепъ и щIыхуэр 2022 гъэм щхьэщахри, ар 2029 гъэм итыжьну хуагъэпэхъуащ. Зи гугъу ящIыр сом мелуан 360-рэ мэхъу. Ахъшэр кьагъэсэбэнащ республикэм социальнэ мыльхэнэ зиIэ Iуэхуэр кьыщызэрагъэпэщыным.

Апхуэдэуи депутатхэм кьащтащ «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iэхуэкlэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ федеральнэ законодательствэм хальхьа зэхъуэкIыныгъэхэм тету дэфтэрыр зэрагъэхьэзырар. Ар зытеухуар зэреджэ тхьилъхэр зэрызэхагъэувэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьэрщ. Псалъэм папщIэ, республикэм егъэджэныгъэ Iуэхуэ кьыззэшIыгъэпэщ и кьэрал Iуэхущlапlэм Iэмал иIэнущ федеральнэ егъэджэныгъэ программэ нэхъыщхьэхэр щызэхагъэувэкIэ, щIыналъэ, лъэпкъ, щэнхабзэ щхьэхуэныгъэхэр кьалъытэу абы хэтыну.

ЗэIущIэм арэзы щытехьащ «Урысей Федерацэм и цIыхуэхэр IэIэтхэм хэтыну яIэ хуитныныгъэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ законым и Iыхьэ 28-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ» федеральнэ законым и проектым и жэрдэмыр УФ-м и Кьэрал Думэм егъэхьыным.

Депутатхэм даIыгъащ академик Фортовым и унэщIэр Iуащхьэмахуэ районым щыIэ бгым фIэщыным теухуауэ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм кьыхилъхьа жэрдэмыр. КъБР-м и Парламентым Хабзэхэмрэ щIэныгъэмкlэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахьуэ Борис** жиIащ а Iуэхум Бахьсэн Ипщэ кьуажэм арэзы зэрыщытехьуар икIи «Хэкум и пащхьэм щIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщIплIри зыхуагъэфэща, совет, урысей щIэныгъэлI цIэрыIуэм ар зэрыхуэфащэр.

ЗэIущIэм щедэIуащ УФ-м Юстициэмкlэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыIэм 2022 гъэм зэфIэгъэкIа лэжьыгъэм. Iуэхущlапlэм и унафэщI **Кужонов Жантемыр** тепсэлъыхьащ илъэсым кьуриубыдэу хабзэу кьапщытам, фейдэ кьегъэщIыным темыщIыхьа Iуэхущlапlэхэм (НКО) зэрадолажьэм, Iулъхьэм пэщIэтыным хуэгъэзауэ муниципальнэ щIыналъэхэм я лэжьыгъэр кьызэрызэрагъэпэщыр, нэгъуэщIхэми. Апхуэдэу, абы зэрыжиIамкIэ, 2023 гъэм щыщIыплэм и 1-м ирихьэлIэу Iуэхущlапlэм кьэрал регистрацэ хуейуэ НКО-хэм тхыгъэ 247-рэ ирагъэхьащ. Абыхэм ящыщу 24-р пхыкIакъым. Мы зэманым зезыгъэхьауэ щыIэ НКО-м ятеухуауэ управленэм и реестрым тхыгъэ 880-рэ итщ. Апхуэдэуи Iуэхущlапlэм нэгъабэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэхэр плIэ хащIащ, имычэзуу - 8. Экстремизм Iуэху гуэркIэ я лэжьыгъэм хальэгъуащ НКО-уэ 3-м.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Чэнджэщ щхьэпэхэр ират

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Кьалэбатэ Рустам медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ Iэщlагъэлl зыбжанэ и гъусэу Шэджэм район сымаджэщым и поликлиникэм сымаджэхэм я узыншагъэр кьыщIипщытащ. Ахэр яхуэзащ щIыхь 87-м, дэтхэнэми и щытыкIэм зыщагъэгъуазэри, чэнджэщ щхьэпэхэр ираташ.

МИНИСТРЫР и Iэщlагъэкlэ хирург-онкологщ, ар узыфэр зыпкърыт сымаджэхэу операцэ кьызыпощIылъхэм адэкIи я Iуэхур зэрыхъунум теухуауэ епсэлъащ. Сымаджэхэм яхуэзащ лъыитхуэ узыфэхэм еIэзэ хирург, профессор, Диагностикэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Аслъэн Ахьмэд, УЗД-Iэщlагъэлl Бачиевэ Сакинат, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм штатым хэмыт и невролог-Iэщlагъэлl нэхъыщхьэ Улымбащ Эммэ, Кардиологие центрым и дохутыр Iэджырэ Мурат, Республикэ клиникэ сымаджэщым и ортопед Мэкъуауэ Алим сымэ. Дохутырхэр зэпIыхьэм я узыншагъэр зыхуэдэм елъытауэ узым зэрыпэщIэтыну щыкIэр, хъужьи папщIэ сэбэп кьахуэхъуну кьалытэхэр жралащ, кьищынэмыщIауэ языныкъуэхэм операцэ зэрырагъэщIын хуейм, нэхъ куууэ я щытыкIэр кьрагъэпщытэным теухуа чэнджэщхэр ираташ.

Кьалэбатэ Рустам кьызэрыхигъэщамкIэ, район поликлиникэм щрагъэкIуэкI мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIепыкъуныгъэхэм я фIагъым хэгъэхъуэныкIэ, Iэщlагъэлl зэкуэмыдэхэр зыхуарыкIу щIыналъэхэм щыпсэухэм я дежкIэ ар хэкIыпIэ хъарзынэщ. «Лэжьапlэ пэшым ущIэсу цIыхухэм я гукъеуэр кьыбгурыIуэну гугъущ, абы икIи иткIэ мыпхуэдэ «зекIуэхэр» щхьэпэ хъунущ районхэм щыпсэухэр медицинэ и лъэныкъуэкIэ зыIууэ гугъуехьэхэр кьэтщIэныжьыкIэ», - жиIащ министрым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - мэлыжьыхьым (апрелым) кьыщыщIэдзауэ ар кьевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущlапlэмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ: унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 400-рэ кIэпIейкIэ 86-рэ; фэ езым пощтым кьыщыфщтэжьынумэ - сом 364-рэ кIэпIейкIэ 32-рэ.

Ди индексыр П 5894

● КъБР-м и Парламентым

Республикэм лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэхуэс иджыблагъэ щыIэхэтащ хабзэфэхыу Iэнатlэм и унэм. Iуэхугъуэ куэдым щыхэплъа а зэхуэсхэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Къардэн Мурат.

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭ сыхьэтым» кIурифыдзу, зэхуэсым ккыщаIэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2022 гъэм лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзащIэм ехьалIа Iуэхугъуэкэр. Абы теухуа доклад ищIащ. КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и япэ къуэдзэ - проект лэжьыгъэхэмкIэ департаментым и унафэщI Тlымыжь Хьусен. Ар зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ республикэм лъэпкъ проект 12, федеральнэ программэхэм я щIыналъэ Iыхьэу щыт проект 46-рэ ГъэзэщIа зэрыщыхъуам, абыхэм епха лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIамрэ ахэр мылъкукIэ кьыззэрыгъэрагъэпэщамрэ.

Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным щыждэжру хэтщ къэрал властым, щыпIэ самоуправленэм я гъэзэщIакIуэ Iэнатlэкэр. 2018 гъэм и дыгъэ-гъэзэм КъБР-м и Правительствэм кьыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ ккызэрагъэпэщауэ щытащ КъБР-м и проект Iуэхугъуэ-IапIэ. Абы и къалэнщ республикэм лъэпкъ проектхэр щыгъэзэщIэнымкIэ лэжьыгъэхэр ккызэрызэрагъэпэщым кIэлъыплъыным, ахэр зэуIу ищIыну. Тlымыжьым щрыкIамкIэ, лъэпкъ проектхэр щыналъэм и социально-экономикэ лъабжьэр зыгъэбидэ Iуэхугъуэ. 2022 гъэм кьуриубыдэу гъэзэщIа хъуащ щыIалъэ проект 46-рэ, абыхэм ящыщу проект 32-м щыналъэм и мылъку хухахащ. Псори зэхэту а Iуэхум текIуэдащ федеральнэ, республикэ бюджетхэм кьахэкIауэ сом мелард 14,8-рэ.

- Гу зэрыльытащи, лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным хухах мылъкум илъэс кьэс хохьэу. 2021 гъэм еплъытмэ, нэгъабэ абы трагъэкIуэдащ хуэдэ 1,7-кIэ нэхъыбэ. КьиныжыщIауэ, проектхэр зэрагъэзащIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыф, лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр кьапщытэф хьуащ, - кьыхиГъэщащ абы. - Лэжьыгъэшхуэ щызэфIэхэлъэпкъ проектхэм я гугъу пщIымэ, апхуэдэхэр куэд мэхъу. Кьапщтэмэ, сабий 380-рэ зэкIуэлIэфыну сабий гъэсапIэу 5 ящхуащ, школакIуэ 1785-м ятещIыхьа еджапIэщIэу 3-м я бжэхэр кьызэIуахащ, Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм футбол уцыджэгу хъуну губгъуэ мыин щагубгъащ. Кьанэ щымыIэу зэпэщIащ школхэм щыIэ спорт залышхуэу 13, Щэнхабзэмкlэ уни 7, гъэзэджэмкIэ сабий еджапIэ, поликлиникэу 8, апхуэдэ медицинэ Iуэхущапlэм и щыпIэ куэдамэу 2.

Кьищынэмыщlауэ, курыт школхэм ящыщ зым кьыщыззIуахащ «Кванториум» сабий технопаркыр, Аушыджэр жылэм лэжьэн щыщIидзащ дохутыр амбулаторэщIэм. Зэпэщ ящыжьхэм ящыщу автомобиль гъэгуу километри 110-рэ, уэздыгъэзкэр фIадзащ абыхэм ящыщу километр 40-м кьуриубыдэм гъэгу зэпрыкIыпIэхэр, лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуагъэзащ. «ПсэупIэхэмрэ къалэмрэ» лъэпкъ проектым кьриубыдзу яухуащ метр зэбгуэнатlэ мин 522,6-рэ хуэдиз хьу унэхэр, зыхуей хуагъэзащ фэтэр куэдзу зэжэт унэхэм я пщIантlэ 52-рэ, жылагъуэ щыпIэу 14. «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, псы щIэгъэлъэдапIэхэмкIэ кьызэрагъэпэщащ гектар мин 2-м нэс гъавэ щIапIэ.

2023 гъэм яIэ къалэнхэм я гугъу щищIым, Тlымыжьым къыхигъэщащ егъэджэныгъэм, щэнхабзэмрэ спортымрэ, апхуэдэхэм я гугъу пщIымэ, апхуэдэхэр куэд мэхъу. Кьапщтэмэ, сабий 380-рэ зэкIуэлIэфыну сабий гъэсапIэу 5 ящхуащ, школакIуэ 1785-м ятещIыхьа еджапIэщIэу 3-м я бжэхэр кьызэIуахащ, Шэджэм Ищхьэрэ кьуажэм футбол уцыджэгу хъуну губгъуэ мыин щагубгъащ. Кьанэ щымыIэу зэпэщIащ школхэм щыIэ спорт залышхуэу 13, Щэнхабзэмкlэ уни 7, гъэзэджэмкIэ сабий еджапIэ, поликлиникэу 8, апхуэдэ медицинэ Iуэхущапlэм и щыпIэ куэдамэу 2.

Кьиущынэмыщlауэ, курыт школхэм ящыщ зым кьыщыззIуахащ «Кванториум» сабий технопаркыр, Аушыджэр жылэм лэжьэн щыщIидзащ дохутыр амбулаторэщIэм. Зэпэщ ящыжьхэм ящыщу автомобиль гъэгуу километри 110-рэ, уэздыгъэзкэр фIадзащ абыхэм ящыщу километр 40-м кьуриубыдэм гъэгу зэпрыкIыпIэхэр, лъэс

● КъБР-м и Парламентым

Хабзэм убзэ ищIэркъым

● КъБР-м и Прокуратурэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай щIалъэм и хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм пресс-конференцэ ядригъэкIуэкIащ.

ХАБАРОВ Николай зэрыкъыхуэз тепсэлъыхьащ Урысей Федерацэм и Президентымрэ Урысейм и Генеральнэ прокуроримрэ пщэрыльтэ ккыщащIахэр зэрагъэзащIэм, гулъытэ хэха зыхуащI унэтIыныгъэхэм, щIыналъэм къэралым и хабзэхэр зэрыщагъэзащIэ щIыкIэм зэрыщыкIыпIэлъым.

Прокуратурэм гулъытэ хэха хуещI экономикэ, финанс щытыкIэр зэпIэзэрытыным, жылагъуэ шинагъэншагъэм, щIыхьэм я хуитныгъэхэр хьумэным.

- Ди лэжьыгъэр идогъэкIуэкI властым и гъэзэщIакIуэ, законодательнэ, хабзэхъумэ, нэгъуэщI кьару Iэнатlэхэм дапщIащ. ЩIэпIэджагъэм пэщIэтыным теухуауэ япэ игъэщIапхъэхэм дыщыхэплъащ зи гугъу ещIа Iэнатlэхэм я гIыкIуэхэр зыхэт зэIущIэхэм. Гулъытэ хэха хуэхуащI щIыналъэм хабзэр щагъэзащIэным, щIыхьэм Конституцэм кьарит хуитныгъэхэр хьумэным, псом хуэмыдэу зи ныбжь кIэлъутэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ, унагъуэшхуэхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ ятеухуахэм, - жиIащ прокурорыр.

Хабаровым кьызэригъэлъэгъуащ, республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм щатхащ щIэпIэджагъэ къэхъуэкIащIуэ 41916-рэ, абыхэм хэплъэри, уголовнэ Iуэху 6132-рэ кьаIэтащ, 16946-р абы химыубыдэу кьалъытащ. ЗэгъэуIуауэ зэрызэдэлажьэм и фIыгъэкIэ, иужьрей илъэс ныкъуэм щIэпIэджагъэхэр игъэмэщIэн яхуэзэфIэкIащ 7416-м нэсу (ипэкIэ 7557-рэ), абы щIэпхъаджагъэ хьэлъэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ хьыхьу 2070 (нэгъабэ 2167-рэ хьурт).

Нэхъ мащIэ хуэдизу ефэжь кьызыхих щIэпхъаджагъэхэр - 29 (34), нэгъуэщIым и мылъку ядыгъуныр 1336-рэ (1600-рэ), хьунщIынэр 25-рэ хьуащ 47-м ельытауэ, щIыхум теуэнкIэ 9 (нэгъабэ 12). ХэщIащ Гъуэгу-транспорт къэхъуэкIащIэхэм - 138-рэ (149-рэ), наркотикоэкIхэр щэн-кьащхьуным пыщIа щIэпхъаджагъэр 1224-рэ мэхъу (1257-рэ).

Прокурорым кьызэригъэлъэгъуащ, нэхъыбэ хьуащ хъыбар-телекоммуникацэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпу ялэжь щIэпхъаджагъэхэр икIи а бжыгъэр 2098-м нэсащ (нэгъабэ - 1880-рэ).

- Балигъ мыхъуахэр щIэпхъаджагъэм хэпщIэнкIэ кьэмыгъэхьунымкIэ ехьалIауэ зэфIах Iуэхущхэм кьызэрагъэпIэгъуащ, ещхьэм ялэжьауэ е ахэр хэту кьэхъуар ехащ 57-м нэс (92-рэ). Ауэ хэхъуащ балигъ мыхъуахэм ехьалIауэ ялэжь хабзэншагъэхэм икIи 509-м нэсащ (497-уэ щытат). Абыхэм ящыщу нэхъыбэр, 334-р, пыщIащ сабийжэр ПlынымехьалIауэ адэм е анэм суд унафэкIэ кьалэн щащIа ахъшэр зэрямытым. Кьыхэдгъэщынщи, апхуэдэ щIыхуэр мелуан 990-рэ мин 806-рэ мэхъу. Езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ япшынащ сом мелуан 368-рэ мин 679-рэ, хабзэр уэим зыщIхэм кьытрахащ ахъшэрэ уасэ зиIэнкIэ хъуну хьэпшыпу сом мелуани 177-рэ мин 922-рэ кьызэщIэзыубыдэ, яубыда мылъкур и уасэщ сом 1 мелардрэ мелуани 138-м щIигъу, - кьыхигъэщащ прокурорым.

Законыр зэрагъэзащIэм, щIыхуэм я хуитныгъэхэм зэран хуэхъу щIэжьмыIэр щызэхагъэкIым кьыщIагъэщащ ныкъусаныгъэ мин 32-м щIигъу, щIыху 5518-м кьащхьэщIжащ. Прокурорэм кьыщIагъэщащ хабзэншагъэхэм ятеухуауэ жэуапым ирашэлIащ щIыху 8152-рэ, административнэм - 1733-рэ, уголовнэ Iуэхуи 137-рэ кьаIэтащ.

Прокуратурэм и Iэнатlэхэм сыт щыгъуи я нэгъуэ тепщIыкIэ лъэпкъ проектхэм кьриубыдэу кьыхуауатIыпщ ахъшэр кьызэрагъэсэбэпым. Абы и лъэныкъуэкIэ кьыщIагъэщащ зы щIэпхъаджагъэ яхуэщIэфакIым, кьуаншэкэр жэуапым ирашэлIащ.

Республикэм и прокурорым кьызэрыхигъэщащи, щIыхуэхэм ЖКХ Iуэхутхьбзэхэкэр фIагъ пылъу яIэрыхьэным, щIыуэпсым ехьэлIа хабзэр гъэзэщIэным, кIэрыхьбжьэрыху идэпIэкэр гъэсвижьным, зэщIауIэлIа щIыпIэкэр гъэкъэбзэжьным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым я нэIэ тетащ. Абы и лъэныкъуэкIэ хабзэр уэим зэрращIэм хэщIа щыIэкъым, ди жагъуэ зэрыхъуащ.

Кьиплщытэжа пIалъэм прокурорхэм я нэIэ зытетахэм ящыщщу улахуэмкIэ щIыхуэкэр япшыныжьынымрэ лэжьыгъэхэр я хуитныгъэкэр хьумэным-рэ.

Хабаров Николай зэрыжиIащи, ула-хуэ щIыхуэу япшыныжащ сом мелуан 52,7-м щIигъу, Iэхущщ IапIэ 19-м и лэжьакIуэ мин 1,9-м ахъшэр ящIыхьжащ. Улахуэмкlэ щIыхуэр ильэсым кьриубыдэу сом мелуан 11,6-м кьыщыщIдзащ уасэхэр ящыщ сымаджэ хьэлъэхэм хущхъуэкIхэр и чэзум зэрагъэрыхьэр, щIыхуэр жьы хьуа, зэтещащ унэхэм кьызэрыщIагъэIэпхъуэкIыр, псэупIэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ кьыхах ахъшэр зэрызэхуахьэсыр.

Кьэралым и экономикэр зэхахкъутэным теухуауэ кьыдащIыпIа Iуэхухэм я гугъу щищIым, Хабаровым жиIащ прокурорхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр хьэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэхэр хьумэным, абыхэм лейуэ кьэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэхэм кьытрамыкъуэным. Псалъэм папщIэ, я пщэрыльхэм кьриубыдэу ирагъэкIуэкIыну ябзыхуэ кьэпщытэныгъэ 1361-м щыщу 1043-р даIыгъакъым.

Iулъхэ тын-къеIыхьыным (коррупцэм) пэщIэтыным ехьэлIауэ республикэм и прокуратурэм лэжьыгъэшхуэ зэфIехащ, нэгъуэщI хабзэхъуэхэ Iуэхущ IапIэхэм ящIыгъуу. Кьапщтэмэ, 2022 гъэм апхуэдэ щIэпхъаджагъэр процент 27,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ - 285-рэ. Абыхэм я нэхъыбэр - 103-р кьулыкъур кьызэрагъэсэбэп гъэпщIагъэщ, 96-р Iулъхьэ тынкъеIыхьыным, 61-р къэралым, щыуэм едгъэуным пыщIащ.

Прокурорхэм я кьыщIагъэщащ хабзэншагъэхэм ялкъ иту цIыхуиплI я Iэнатlэм трагъэкIащ. Судхэм ирагъэхьащ сом мелуан 82982-рэ зэрэщIэпшынэм тхыльэ 39-рэ, и пщэрыльхэм зэремыгугъуэм кьыхэкIыу жэуапым ирашэлIащ цIыху 10229-рэ, административнэ жэуапым - цIыху 71-рэ.

Хабаров Николай игъэнэуащ дызэрыт ильэсым и япэ мазихым нэхъыщхьэу я нэIэ зытетынкъ.

Иджы дыкъытеувыIэнщ журналистхэм я упщIэхэм.

Абыхэм ящыщщ цIыху пщIы бжьгъэхэр кьэзыгъэпщIа, кьызэригъэгъуа фэтэрхэр имыхуэу ахъшэ зэхуэзыхьэса «ФСК «Потенциал» компаниемкIэ ехьэлIар.

- 2022 гъэм прокуратурэм зыкъыхуэзыгъэзахэр щыIэщ мы Iуэхум теухуауэ. ИрагъэкIуэкIа кьэпщытэныгъэхэм кьызэрагъэлъэгъуамкIэ, а уэзр 2019 гъэм и кIэм ятын хуеящ, ауэ ухуакIэм ар игъэIэпхъуащ 2020 гъэм и кум нэс.

КьызэрыщIащащи, унэр и пIалъэм кьызэрызэфIимыгъэувам имызакъуэу, цIыхухэм хабзэншагъэкIэ ахъшэ кьазэрыIэщIихам теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтауэ зэхагъэкI, - жиIащ Хабаровым. - ЩIыпIэ самоуправленэмрэ кьэрал властым и органхэмрэ ящIыгъуу дыхэлъыщ кьагъэпIа, зэгурыIуэныгъэ зращIыпIа цIыхухэм (107-рэ) я ухитныгъэхэр зэфIэгъэувэжа зэрыхъуну щIыкIэм. Иджыкlэ хуэунэгъэ лэжьыгъэм пащэныкIэ щыIэ хуитныгъэр 2023 гъэм мэкъуауэгъэуэм и 20 пщIондэ ягъэIэпхъуащ. ЩIыналъэм Хуэунэгъэмрэ ЖКХ-кIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ унэр и кIэм нагъэсэным сом мелуан 21-рэ кьыхьалъэщ. Лэжьыгъэр йокIуэкI. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2023 гъэм и накъыгъэм яухынущ. Сыт и лъэныкъуэкIи абы епха Iуэхум ди нэIэ тетщ.

Телефон гъэпщIакIуэхэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэм теуха упщIэм и жэуапым кьызэрыщыгъэщащи, илъэс кIуам апхуэдэу ятхащ 707-рэ, ар процентн 3,3-кIэ нэхъ мащIэ хуэущ. Абы и лъэныкъуэкIэ уголовнэ Iуэху 914-м щыщу 182-м теухуар судым Iэрагъэхьащ. Уголовнэ жэуапым ирашэлIащ процент 75,5-кIэ нэхъыбэ. Иджыпсту йолэжь щIэпхъаджагъэхэм ехьэлIа уголовнэ Iуэхуи 119-м.

Iулъхьэм зэрыпщIэтым теухуауэ Iуэху дапщэ судым Iэрыхьа, абыхэм ящыщу дапщэм я хьэкумыр ящIа упщIэм и жэуапу прокурорым жиIащ 2022 гъэм судым Iуэху 133-р зэрыIэрагъэхьар цIыхуи 139-м ехьэлIауэ. Абыхэм ящыщу 137-р зэрагъэкъуаншэ унафэу 122-рэ ккыщтащ.

Куэдыр зыгъэпIейтейхэм ящыщщ сабий зеинщэхэр псэупIэкIэ кьызэгъэпащэ зэрымыхъур. Хабаров Николай жиIащ а Iуэхум хэхуэу я нэIэ зэрытетыр.

Кьапщтэмэ, республикэм нобэкIэ сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я нэIэ щIэмытхэмрэ 1469-рэ щохъу, абыхэм ящыщу 1174-м псэупIэ яIэнымкIэ я хуитныгъэхэр иджыри пхьэдакъым Ар зэфIэгъэкIыным 2022 гъэм сом мелуан 96,9-рэ хуэхахащ. Бюджет ахъшэр 2022 гъэм кьриубыдэу кьахуэмыгъэсэбэпынкIэ зэрыхъунур, хабзэр гъэзэщIэн зэрыхуейр дыгъэзагъэм хуатхат КъБР-м ягъэдэжьнигъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым. А псом кьрикIуэраращи, бюджет мылъкум щыщу процент 97,1-р кьаIэсэбэпащ. ПсэупIэу 4 ираташ, фэтэру 43-рэ кьащхьэщащ.

Хабаров Николай жиIащ республикэм и прокуратурэм псэупIэ хуэныкъуэ сабий зеинщэхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытхэм я Iуэхур гъэкIуэтэным ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проект игъэхъэзыру КъБР-м и Парламентым зэрыIэригъэхьар.

Прокурорым жэуап зритахэм ящыщщ кибергъэзэщIакIуэхэм я лей зытехьэхэм, апхуэдэ Iуэхухэр зэрызэхагъэкIым теухуар. Абы зэрыжиIащи, телефон гъэпщIакIуэхэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр мащIэу ехащ (770-рэ мэхъу).

Апхуэдэ щIэпхъаджагъэм ехьэлIа уголовнэ Iуэху 914-м щыщу 182-м теухуар судым IэрагъэхьакIащ. Иджыпстукlэ зэхагъэкI апхуэдэ щIэпхъаджагъэу 119-рэ.

Зи гугъу тщIа щIэпхъаджагъэхэм кьрикIуащ хэщIыныгъэ сом мелуани 166-м щIигъу, ирагъэпшынижащ сом мелуан 18-рэ мин 675-рэ.

ЗэIущIэм и кIэухым Хабаров Николай журналистхэм фIыщIэ яхуищIащ прокуратурэм и лъэныкъуэр зыхуэдэр кьызэрагъэлъагъуэм папщIэ.

УЭРДОКЪУЭ Жен.

● Гъуэгухэр

Нэхур щытепщэу

КъБР-м Гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм гулъытэ хэха зыхуищIэхэм ящыщщ автомобиль зекIуэпIэхэр нэхъри шынагъуэншэу кьызэгъэпэщыныр.

«ГЪУЭГУФI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, республикэм и автомобиль зекIуэпIэхэм нэхур щытепщэ, абы кьыхэкIыуи нэхъ кьыщыжьыхьыгъуафэ мэхъу. Иужьрей илъэс бжыгъэм кьриубыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуэгурэм ящыщу километр 200-м нэблагъэм я Iуфэхэм иджырей мардэхэм хуэгъэпса уэздыгъэхэр щыпадзащ. Ежь гъэмэ гъэгуугуэхэм а Iуэхум прагъэщэну я мурадщ, псом хуэмыдэжу кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ пхрыкI уэрамхэр кьэзгъэнэхуным хуэгъэзауэ.

«Гъуэгуфl шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иту, 2023 гъэм кьриубыдэу зи гугъу тщIа Iуэхугъуэм ехьэлIауэ зэIузэпэщ ящIыну я мурадщ районхэу Шэрэджьим и Мухол, Тэрчым и Арик кьуажэхэм я уэрамхэр, Налшык - Май кьалитIыр зэпызыщIа гъэгур, республикэм и щыхэрым Мовсисян и цIэр зезыхьэу щыIэ уэрамым щыщу километри 2 зи кIыхьагъэр. Псори зэхэту, гъэ дыззэрытым и кIуэцIкIэ, щыналъэм и гъэгуэм ящыщу километри 10-м нэблагъэм уэздыгъэщIэхэр щыпадзэнщ.

Программэм тету, 2023 гъэм республикэм и район псоми щыIэ кьуажэхэм ящыщу 25-м щыналъэ мыхьэнэ зиIэу пхрыкI гъэуэгухэми иджырей мардэхэм кьытIаесэ уэздыгъэхэр щыпадзэнущ. Ахэр пащIэнущ автомобиль зекIуэпIэхэм я Iуфэхэм нэхъапэм Iуагъэувауэ щыта гъущI-бетон пкъохэм. Пэжщ, трансформатор подстанцэхэр, зыхуэныкъуэ щIэгъэкъуэнхэри дыщIагъуэжьнуэрэ «СИГI» жыIуаIэ кIапсэщIэхэри щаукъуэдижьынущ.

Мы зэманым Iэщ IагъэлIхэр яужь итщ республикэм и гъэуэгухэм хаубыдыкIа я Iыхьэхэм ящыщу тэмэму кьэмыгъэнэхуакIэр дэтхэнэзрамэ зэхэгъэкIыным. Iуэхум пэрыуавэм я мурадщ гъэ дызэрытым и кIэ диплъэху, республикэм и автомобиль зекIуэпIэхэм ящыщу километр 75-м нэблагъэм (псори зэхэту) я зэщIэгъэнэхуэкIэр ирагъэфIэкIуэну.

АтIэми, фигу кьыдогъэкIыж, Iэщ IагъэлIхэр сыт хуэдизу щымыгугъуами, уэздыгъэщIэхэр щыпамыдзами, гъуэгуанщIэ Iуфэхэмрэ машинэ зэблэкIыпIэхэмрэ щыхамыгъэнэхуакIами, автомобиль зекIуэпIэхэр щыжьгъэнэхуу щызыгъэтыр я Iуэхугъэхэм я закъуэжьым, атIэ, зэрыгурыIуэгъэщи, щызэрихьэлIэ-щызэIущIэхэм, машини цIыхуи, я набдзэгудзаплъагъэм, зэпIэзэрытыгъэм, зэрызэхудачыхьым, нэгъуэщI абы хуэдэхэми зыкъомкIэ ельытащ.

АЗЫЧ Бэлгъ.

● Гъуэзджэ

ЩIэныгъэлIхэр къыхуоблагъэ

КъБР-м и цIыхубэ художник, Художествэхэмкlэ Урысей Академием и академик, Урысейм и Абстракционистхэм, «Урысейм и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэ» творческэ жылагъуэ союзхэм хэт Къанокъуэ Руслан и сурэт гъэлъэгъуэныгъэ мазаем и 7-м Лъэпкъ къэрал музейм кьыщыдзэIуахам щыIащ ЩIэныгъэхэмкlэ Дунейпсо Адыгэ Академием и унафэщIхэмрэ абы хэтхэмрэ.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ я гуапэу зыкъраГъэхьэлIат ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ ЩхьэгъэпсО Сэфарбий, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыцl Мухьэмэд, бзэ щIэныгъэхэмкlэ доктор, профессор БакIуу Хъандэрий сыму, нэгъуэщIхэми.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Къанокъуэ Руслан и абстракцэ лэжьыгъэхэр япэу ди щIыналъэм зэрыщагъэлъагъуэр. Мазэм нэблигъэуэ екIуэкI гъэлъэгъуэныгъэм цIыху куэд къокIуалIэ икIи абыхэм кьыхагъэщ сурэтыщIым и Iэдакъэщхэр зыми хуымыгъэгъуэщну зэрытелъыджэр, плъыфэхэр екIуу зэрызэхуихуанэр, гупсысэ куу зэрыхэлъыр.

- Япэщ IкIи къэрэндащIэ едзыгъуэхэр согъахьэзыр. Iуэху гъэрым сыпэрыту е гъэзэгу сытету си нэгу кьыщIидзэнкIэ мэхъу си щхьэм кьиззрыхьа теплъэгъуэр. Апхуэдэхэм деж, псори кьызэгъанэри, эскизыр сощI, сIэщIэмыкъжьын папщIэ. Си гур тезагъэу едзыгъуэр зызогъэпэщри, ар сызэрылажьэ программэм изолъхьэ, адэкIэ плъыфэхэр зэкIуу зэхызоухуанэ. Си лэжьыгъэхэм хэтщ илъэситIым щIигъукIэ сызэлэIа, нэхъ псынщIэIуэуи кьызэхъулIа, - жеIэ Къанокъуэм.

Сурэтыщым и лэжьыгъэхэр нэхъапэIуэкIэ щагъэлъэгъуащ «Панорама» художественнэ галереем, Минводы, Сочэ, Грозно къалэхэм. Абы и Iэдакъэщхэм ягъэщIэращIэ икIи зэпымыву щагъэлъагъуэ Radisson Blu (Сочэ), «Синдика» (Налшык) хьэщIэщхэм.

Руслан зэрыжиIэмкlэ, и лэжьыгъэхэм щыщу сурэтыщым кьыщIэупщащ, иджыблагъэ Москва щекIуэкIыну гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьэну.

ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ ЩхьэгъэпсО Сэфарбий гу лъитащ сурэтыщым и Iэдакъэщхэм яритт плъыфэр Iэзэу зэрызэригъэIуфым хуэдэу зыщIыпIа зэрыщимыльэгъуам, Къанокъуэм и сурэтхэр тельыджэу зэрищIым, абы и лэжьыгъэхэм рестораным и гуэзджьэмрэ щэнхабзэмрэ зэрызрагъэужьым.

- Хуабжьу сигу ирихьащ «Абрэдж», «ЩIыр кьызэрыуэнэхуар» зыфIища сурэтхэр, - кьыхигъэщащ ЩхьэгъэпсОм.

Псалъэм кьыдэкIуэу жьытIэнщи, Москва ирагъэхьыну сурэтыщым ящыщщ ахэр.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Захуагъэм бжьыпэр иубыдынущ

Инджылызым кьыщыдэкI «Daily Mail» газетым и щIэджыкIакIуэхэр пэджэжащ Украинэм и президент Зеленский Владимир Артемовск лъэныкъуэкIэ щыткIэр кIуэ пэтми нэхъ гугъу зэрыщыхъум теухуауэ жиIаxэм. ДНР-м кьихьэ щIыналъэхэм ящыщу Киев и нэIэм щIэтхэм хохьэ Артемовск къалэр. Ар Украинэм и дзэ гупу Донбасс щыIэхэм Iэщэ яIэрыгъэхьэнымкIэ мы-хьэнэшхуэ зиIэ щIыпIэщ.

КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ и порталыр кьэзыгъэсэбэпхэм кьаIэлытэ Киев куэд мыщIэу хагъэщIэну икIи кьэралым и Iэтащхьэм чэнджэщ ираташ химыгъэкIуатэу и дзэхэр а щIыналъэм кьриушыну.

«Дэтхэнэ зы цIыхум дежкIи гурыIуэгъуэщ кьэралитым я зэпэщIэныгъэм Украинэр зэрыхилъэфэнур. США-мрэ абы и телъхьэхэмрэ кьэувыIэнукъым, Кьухьэпlэ Украинэр зыри кьыхэмынэжу зэтракъутэхукIэ. Щыткlэр шынагъуэщ. Актёр Зеленскэм кьыгурыIуэн хуейщ зэрытемыкIуэфынур икIи адэкIи цIыху нэхъыбэ зэрыхэмыкIуэдэным хущIэхъуэхъущ», - итхащ щIэджыкIакIуэхэм ящыщ зым. «Дауэ хъуми, захуагъэм бжьыпэр иубыдыжынущ, - кьыпепщэ нэгъуэщI зыми. - Украинэр хагъэщIэнущ, куэд мыщIэуи США-м абы и щIыб кьыхухигъэзэжынущ. ЩIэпхъаджагъэ гущIэгъуншэр зи Iэужьхэм цIыху гъащIэм зэрыриджэгур кьащIигурыIуэжынур дапщэщ?! «Шэчыншэщ Донбасс щыналъэр зэрыщыту Урысейм и нэIэм зэрыщIигъэувэнур. Ар США-рэ НАТО-ри зыгъэпэщ Iуэхуэшхуэу щытынущ».

Сымаджэхэр нэхъыбэ мэхъу

Урысей Федерацэм и щIыналъэм коронавирусым зыщемыгъэубгъуэныкIэ и оперативнэ штабым кьызэриткIэ, мазае мазэм а узыфэ зэрыцIалэр зыпкърытхэм я бжыгъэм фIыуэ хэхъуауэ щытащ.

АПХУЭДЭУ мазаем и 1-м щегъэжьауэ и 28 пщIондэ коронавирусыр яIэу хьахутащ цIыху 322278-м. ЩIышылэ мазэм апхуэдэ сымаджэхэм я бжыгъэр 151 683-рэ хьууэ арат. КьэпщытакIуэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкIэ, нэгъабэ и жэпуэгъуэ мазэ пчандэрэ иджыщ сымаджэ нэхъыбэ щыщIэр. Апхуэдэу щытми, штабым кьет коронавирус узыфэ зэрыцIалэм иIыкIхэм я бжыгъэр процент 23,8-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Мазаем а узым ихьащ цIыху 1033-рэ, щIышылэм я бжыгъэр 355-рэ хьууэ щытащ. Абы къеГъэлъагъуэ дохутырхэр узым и Iэзэгъуэхэм нэхъ щыгъуазэ зэрыхъуар, Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градус 0 - 3 щыхьэнущ.

КоронавирусымкIэ пандемием кьриубыдэу узыфэ зэрыщIалэр щынагъуэм Урысейм щигъэсымджащ цIыху 22 272 470-рэ, илIыкIхэр 396100-рэ мэхъу.

Гъатхэпэм и 2, *махуэку*

✦МафIэдзым и дунейпсо махуэщ

✦1920 гъэм кьалъхуащ адыгей усакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъжь **Андырхъуей Хьусен.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пщэртехьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градус 0 - 3 щыхьэнущ.

Гъатхэпэм и 3, *мэрем*

✦ТхакIуэм и дунейпсо махуэщ

✦ЩIыуэпс кьабзэм и дунейпсо махуэщ

✦Сабийхэм яхуэгъэза нэтынхэр зыгъэхьэзыр теледиденэмрэ радиомрэ я дунейпсо махуэщ

✦ТхьэкIумэм и узыншагъэм кIэлъыплъыным и дунейпсо махуэщ

✦1921 гъэм кьалъхуащ КъШР-м щыщ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **Кьардэн Зэмахъшэрий.**

✦1930 гъэм кьалъхуащ адыгэ усакIуэ, драматург **Мысачэ Пётр.**

✦1938 гъэм кьалъхуащ кинорежиссёр, тхакIуэ, композитор, продюсер, ЩIДАА-м и академик **Кьандур Мухьэдин.**

✦1952 гъэм кьалъхуащ КъБР-м щыIэ зиIэ и артист **Молей Алихьан.**

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэртехьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 9, жэщым градуси 4 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Зэгурыlуэ я Iуэху псынщIэщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Адыгэбзэр зэзмыгъащІэу, урысыбзэр сщІэн слъэкІакъым

Мазаем УФ-м и Къэрал Думэм урысыбзэм теухуауэ хабзэщІэ къыщтащ. Хамэбзэхэм къыхэкІа псалъэхэм урысыбзэр щыгъэнэм мурадкІэ ирахьэжьа Іуэху щхьэпэр адыгэбзэми етхьалІэ мыхъуну пІэрэ?



ФЕДЕРАЛЬНЭ хабзэщІэм ткІийуэ еукъуэдий «мардэм тет псалъалъэхэр», «мардэм тет грамматикэр», «мардэм тет справочникхэр» зыфІаща тхыльхэм къару зэрырагъэнур. Абыхэм къэралыбзэу щыт урысыбзэм къыщеззгъыу къэльытапхъэ псалъэхэр иубзыхунущ.

«Лъэпкъ куэду зэхэт Урысей Федерацэм урысыбзэм щІэ къарур къыхэзыщын, ар къыщагъэщхьэпэ льэныкъуэхэм зегъэубгъун, урысыбзэкІэ фІэкІа узытепсэлъыхь мыхъуну унэтІыныгъэхэр зэхэгъэкІын», - жеІэ дэфтэрым.

Зэман-зэманкІэрэ апхуэдэ хабзэ ткІийкэр къащтэурэщ цІыху нэхъыбэ зэрыпсалъэ бзэкэр къарууфІэ зэращІыр. Я мыхьэнэри мыгурыІуэгъуэу, хамэбзэхэм къыхэкІа псалъэ куэдым илъэхъат иужьрей лъэхъэнэм урысыбзэр. Комиссэ щхьэхуэзкэ къызэрагъэпэщуэрэ, дапэкІэ ткІийуэ хэплъэнщ къэралым щызекІуэ унафэкэр къызэрагъэльагъуэ псалъэхэм. «Псалъалъэхэм иту, урысыбзэкІэ щымыІэ хамэбзэм къыхэкІа фІэщыгъэхэм къищынэмыщІа, урысыбзэм къыщемызэгъ псалъэ къэбгъэсэбэн хъунукъым (тхыбзэм щымыщ хъуанэбзэрэ хэту)», - гурыІуэгъуэ ещІ дэфтэрым гупсысэм и лъабжьэр.

Политолог Марков Сергей хабзэр ядиІыгъ пэтми, мыхьэнэ нэхъ зэтпхъэр кьыхэгъэщ: «Урысыбзэр хъумэнымкІэ хабзэ» къащтам политикэ Іэмалкіэ зэфІэхын хуей Іуэхур юридическэ Іэмалым хуигъэкІуэну хэтщ. Ар иягъащІэ льандэм унафащІхэм яІэщІэкІ щыуагъэщ. Іуэхур зэрыщытыпхъэм хуагъэкІуэным, хэкІыпІэ кьыхуагъуэтыным и пІэкІэ, «дэ зыкІи дикъыуаншэкъым» жаІэфын хуэдэу, унафэ къащтэ. Урысыбзэр инджылыз псалъэхэм къебгъэлъным хуэныкъуэкъым. Урысыбзэр абыхэм нэхъ бей ящІ. «Инджылызыгъэ» егъэлея кьищтэну ухуэмеймэ, урысыбзэкІэ зекІуэ урыс щэнхабзэм зегъэужьыпхъэщ. Мис аращ ящІэн хуейр: къэрал мыльку мыхьэнэ зиІэ щэнхабзэ Іуэхухэм хуэгъэкъэпэщуэрэ, дапэкІэ ткІийуэ хэплъэнщ къэралым щызекІуэ хьэлыныгъэм зезыгъэужьхэм хуамыутІыпщу. Щэнхабзэм хухах ахъшэр зи бзи зи къэрали хуэмейхэм ират иужьрей илъэс 25-м. Мис а Іуэхур ирарахъуэжи, итІанэ зиужьныщ урысыбзэм».

Адыгэбзэми куэдкІэ хуэщхьэпэнут егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, псом хуэмыдэу - политикэм къыщІэгъэщхьэпэ терминхэм дыхэпІольэныр. Псалъэм и хьэтыркІэ, Іуэхущапіэ», «щІыналъэ», «зэхуэс», «зэІущІэ» псалъэхэм къедгъэубыд мыхьэнэхэр нэхъ нэгъэсауэ тхуэзтекІынут, дызытепсэлъыхьыр Іупщі хъун хуэдэу. Дэ Іэмалкіэ дИІщ мыхьэнэ щхьэхуэхэр ди къуэш республикэхэм, Адыгеймрэ КъШРмрэ кьыззэрыщагъэсэбэпым етлъытыну. Ди жагъуэ зэрыхъущи, бзэм и Іуэхур журналист жэрдэмкІэ зэфІэкІыркъым. ЩІэныгъэлІэхэм дыззахьын папщІэ, политикэм зыкъыттщагъэкъуапхъэщ.

Адыгэбзэм тыркубзэм, хьэрыпыбзэм, тэтэрыбзэм кьыхэкІауэ хэт псалъэхэм зезыпщыти ди куэдщ. Шэч хэлъкъым а Іуэхур щхьэрыуТІыпщ пщІы зэрымыхъунум, хамэбзэм кьыхэкІа фІэщыгъэм и кьыхьэнэгъу уи бзэм хэтмэ, абы къару етыжьын зэрыхуейм. Ауэ уи интернет напэкІуэщІ урысыбзэкІэ бгъэлажьэрэ, «Адыгэбзэм «шэрджэс» псалъэ хэткъым»» - жыпІэу, журналистхэм затепшащІэкІэ, уи бзэр хъума хъунукъым. Бзэр зыхуей хуэзэну ухуеймэ, нэгъуэщІ мыхъуми, уи унафэ щІэт уи телефоным кьыщыгъэщхьэпэ ар, уэ бгъэлажьэ кІудамэм щиципсалъэ, ар зыщІэн хуэм ящІэр яІэпумыуду. Адыгэбзэм лажьэу хэт псалъэхэр кьыхыумыщыпыкІыжми, махуэ кьэс зыгуэр кІэроху. Жагъуэгъуэ щыхьхэуэ кьиштам ещхьу, журналистхэм, усакІуэхэм, тхакІуэхэм, бзэм ирилажьэ щІыху зыбжанэм ягу изыдхэр «хэкуІу» кьэпльытэну гугъуш, жьэшхуэ зэщІахи лІыгъэкІэ деджэфынукъым.

Дагъыстэн къру

Путин Владимир 2021 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м Іэ зыщІидза унафэм ипкъ иткІэ, дызэрыт илъэсыр Гамзатов Расул къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум теухуауэ екІуэкІынущ. Дагъыстэнми и мызакъуэу, зэрыкъэралу щагъэлъэпІэнщ авар усакІуэшхуэм и фэеплъыр, абы егъэщІылІа дауэдапщэхэр ирагъэкІуэкІынущ.

ДАГЪЫСТЭНЫМ хьихьэ Цада къуажэм 1923 гъэм дунейм кьыщытехьащ Гамзатов Расул. ЩІалэм Іэщ Іагъэкіи гъэсэныгъэкіи япэ ущиякІуэ хуэхъуар езым и адэрщ. Усэхэри шыпсэхэри зэхилъхьэу щытащ Гамзат Цадасэ, Пушкиным и таурыхъэхэр аварыбзэкІэ зэридзэкІырт. Расул унагъуэм щыщІалэ ещанэт.

1939 гъэм Гамзатовым Педагогикэмкіэ авар училищэр кьиухри, и кьуаажэм егъэджакІуэу игъэзэжащ. Школым кьудрэ зэщимыгъэгувэу, щІалэм лэжьэн щыщІедзэ Авар театрым. Режиссёрым и дэІэныкъуэгъуэ яГъэуба Расул игъэзащІэр суфлёр кьалэнт: артистхэм ящыгъупщэжа псалъэхэр щэхуу яжриІэрт. Театрым и гъусэу Дагъыстэнкіэ зригъэльэгъуащ щІалэщІэм. Бгырыс кьуажэхэм кІуэху, езым зэхилъхьэ усэхэм кьахуеджэрт.

Зауэ зэманым Гамзатовым и Іэдакъэщ Іэкіэр «Бгырыс большевик» газетым кьэтрадзэу щытащ. Ар тетхьихьэрт сэлэтхэм я лІыгъэм, Дагъыстэным щыщ лІыхъужьхэм. 1942 гъэм щагъэжьауэ усакІуэ щІалэр радиом щолажьэ. И япэ усэкэр кьызэрытридзэр «Цадасэ» унэцІэм щІэтт, иужькІэ «Гамзатов»-р псевдоним кьыщтащ. ПІури и адэм и цІэ-унэцІэт.

Расул и япэ усэ тхьыльр дунейм кьытехьащ 1943 гъэм, езыр илъэс 20 фІэкІа мыхъуауэ. «Лъагэныгъэ гуащІэрэ гужьгъэжь бзаджэрэ» - арат щІалэм фІищар и анэдэлхубзэкІэ тридза тхьыльм. Абы нэхъыбэу ихуар зауэм теухуа усэхэрщ.

1945 гъэм Гамзатов Расул Мэзкуу дэт литературэ институтым щІэтІысхьэ. УсакІуэм иужькІэ зыкъыомысащ еджапІэм нэхъри езы щІыхьэрыи нэхъ итхьэкъуу зэрыщытамкІэ. Институтым еджэн щыщІидза нэужь, Гамзатовым литературэм хуиІэ еплъыкІэр ихъуэжащ, ар нэхъ зыхиІащ, тхьдэми щэнхабзэми щыгъуазэ зищІащ.

Институтым егъэджакІуэфІхэр щиІащ Гамзатовым. Антокольский Павел усакІуэт икІи зэдзэкІакІуэт. Радиир Сергей, Поспелов Геннадий сымэ литературовед Іэзэт. Еджэгуэр илъэсэкэщ Гамзатовым щызэрыгъэцІыхуэр иужькІэ и усэхэр урысыбзэм изыгъэзэгъа Гребнев Наум, Козловский Яков сымэ. УсакІуэм усэм хэт псалъэхэм къарыкІ дыдэр итхьрти, подстрочник яхуищІыр. Мобыхэм ар зэрадзэкІыжырт. 1949 гъэм Мэзкуу кьыщыдэкІащ Гамзатовым и етІуанэ усэ тхьылъыр - «Кьуршхэм я уэрэдхэр». Абдежьми кьыщыщІидзауэ абы и пщІэр зэи ехуэхакъым.

Гамзатовым фІыуэ иціыхуу щытащ КІуащ БетІал. Дигу кьэдвгъэгъэкІыжьыт авар усакІуэм и адыгэ ныбжьэгъур дунейм щехьжам хуиуса сатырхэр *(ззэыдзэкІар Къагьырмэз Борисщ):*

Си нэпс, щхьэ ухэт уэ си напэр тепхыну?
Бгырысым и нэпс щигъэльагъуэ къэхъуа?
Е пфІэщІрэ си гууэр нэхъ мащІэ пхуэщІыну?
Хуэхьынкъым ар, жьыпІэу, сэ уигу къысщІэгъуа?

Нобэ къыубжэкІыну ухуежьэми, усакІуэм и тхьилъхэм я ІащІэм щІэх ущІэплъэнукъым: «Къуръхэр», «Бгыхэм си гур щыІэщ», «Вагъуэ лъагэхэр», «Ныбжьэгъухэр фхъумэ», «Жьэгу пащхьэм», «Тхыгъэхэр», «Иужьрей уасэр», «Хьыбар», нэгъуэщІхэр. А псом нэхъри нэхъ щІэрыуэ хъыгагъэнщ Гамзатовым «Си Дагъыстэн» зыфІиІща прозэ тхьылъыр.

«Сэ зэрызысщІэжрэ солажьэ, - щыжеІэ абы усакІуэм. - СыщышхэкІи, театрым сыщыщІэсым дежи, собранэхэм сыхэтми, щакІуэ сыщыкІуэкІи, дыуэщІым сыдэту шей сыщеІубкІи, машинэм сису сыщыжэкІи, нысашэм сыщыхэтым дежи. Сыщыжейм деж нэгъунэ усэ сатырхэр кьысхуокІуэ, теплъэгъуэхэр си нэгу кьыщІоувэ, зыгуэрхэр кьызогупсис. Аращи, пщІыхьэпІэм сыхэтми, си лэжьэгъуэ махуэр йокІуэкІ».

УсакІуэм и пщІэ иным и щыхьэтщ Лениным и ордениплІ, Октябрь революцэм и орден, Лъэпкъ зэныбжьэгъуГъэм, «Хэкум хуилэжьам папщІэ» орденым и ещанэ нагъыщІэр, Первозванный Андрей и цІэкІэ щыІэ орденыр абы зэрыхуагъэфэщар, кьинэмыщІ саугъэт лъапІэхэр. «ХХ лІэщІыгъуэм и усакІуэ нэхъыфІ дыдэ» щІэр кьызэрыфІащами зыгуэр кьыбжеІэ абы и тхэкІэм теухуауэ. Тыгъэхэм я нэхъ лъагэ авар усакІуэр Кавказри Урысеишхэри зэрыгушхэу щыхуГэрыщытар.

Кугультинов Давид кьыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу Къалмыкъ республикэм еблэгъат Гамзатов Расул. Бзэ шэрыуэ зыІурылъ усакІуэм ныбжьэгъуэм зэрехъэхьэн псалъэ игъуэтынтэкъэ? «Бгыхэм нэхърэ нэхъ лъагэщ цІыхум и пщІэр, и Іэзагъыр, и кууагъыр. Кугультиновыр дунейм и дэнэ кІапэм укъыщиплъми плъагъу бгыщ, дэри абы альпинистым ещхьу дыдэкІуеину доІэ», - жиІауэ щытащ Расул, Іэгуаузэр кьэтракъуэгу. А псалъэ дахэхэр езыми хуэпхьыбгынущ. ЦІыхьэ зызымыгъэнщІ зыхужаІэхэм хуэдэ хьэлт Гамзатовыр. И усэхэм кьыхуахьа пщІэм и цІыху хэтыкІэр япэ ит зэпыту кьыщыкІуэкІаи ирагъэнщ.

Псори мурадым къыщожьэ

Илъэс мин бжыгъэ зыбжанэ! Апхуэдизэ я ныбжьщ алэрыбгъуэхэм. Нэхъ жьы дыдэу яхъумахэр ди эрэм ипэкІэ V лІэщІыкІуэм техуэну жаІэ. Ди зэманым апхуэдэ мыхьэнэ ямыІэжми, зэгуэрым абыхэм пэш блынхэм я жьантІэр къалъысу щытащ, щыІэми зэрызэщащхъумэт. Апхуэдэуи алэрыбгъур зиІэм ар и къулеягъымрэ пщІэшхуэ зэриІэмрэ я щыхьэтт.

Пасэрей алэрыбгъуэхэр зэрыгъэщІэгъуэныр сытыт? Тхьилъым хуэдэу, абыхэм ди Щы хъурейм и тхьдэр кьызэрыбджыкьыфыр арауэ кьыщІэкІынщ. Алэрыбгъуэм ныхэр, махъшхэр «щызекІуэрт», кьуалэбзэухэр «щызелъатэрт», ЦІыхухэм я ІуэхущІафхэр кьыщыгъэльэгъуат. Ауэ зэманыр кІуэурэ, ислъам диным псэущхьэхэм я теплъэхэр къэгъэльэгъуэныр къабыл ищІыртэкъыми, алэрыбгъуэхэр тхьипхъэрэдамыгъэщхъуэкІэплъыкІэхэмкІэ гъэнщІа хъуащ. Ди зэманым-щэ?! Иджыпстуи алэрыбгъуэхэм я мыхьэнэр цІыкІуэкъым, я уасэри лъапІэщ, зэращІ Іэмалхэми гъуни нэзи иІэкъым. Абыхэм ящыщ зыщ «тафтинг» алэрыбгъу щыкІэр. Адрейхэм къаэрыщхьащыкІыр Іуданэ зырызу зэІуамыщэу, Іэрамэуэрэ къызэращэрщ. А Іэмалым къызэщІеубыдэ хэдыкІри, зэІущкІэри, уеблэмэ сурэт щыІнри. Нэхъыщхьэращи, я инагъ-цІыкІуагъкІи, Іувагъкіи, ярыт сурэткІи - сыт хуэдэ теплъи иІэу ар яхуощІ, уеблэмэ цІыхуэ и сурэт хащІыхьыфынущ.

Мы Іэмалым куэд ирилажьэу пхужьІэнукъым. Псалъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри къэс апхуэдэ щыбгъуэтыныи щытакъым. Иджы къигъІурыщІауэ абы ирилажьэн щІидзащ Налшык къалэм щыпсэу, «Кабардинка» къэфакІуэ гупым илъэс 11-м нэблагъэкІэ хэта АЛЭКЪЕЙ Аскэр. Лъжьыгъэр къызэрелхъэлІэм техуауэу упщІэ зыбжанэкІэ щІалэм зыхуэдгъэзащ.

- Аскэр, алэрыбгъу пщІыныр кьызыхэкІар сыт? Абы зэрызыхуэбгъэзар дауэ?

- Алэрыбгъу сщІыну мурад сиІакъым. Кьапщтэмэ, сэ сыт щыгъуи сфІэфщ езым зыгуэркІэр зэпкърыслъхьэну, хьэпшыпэ гуэркІэр си Іэкіэ сщІыну. Зэман тІэкІу кьызэрысхудэхуэу, си Іэпэр сфІокІуэ зы щІэ гуэрым селэжьыну. Араущи, Интернетым щІэх-щІэхьыгъэ сыщрихьэлІэрт алэрыбгъуэр «тафтинг» Іэмалкіэ зэращІ щІыкІэм. СфІэгъэщІагъуэн хъуащ, ар заншІэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы елэжь зэрыщымыІэр сщІэрти, иужь сихьащ, цІыхуэм яфІэгъэщІэгъуэн хъуну кьыщІэкІынщ жысІэри. Ауэ лэжьыгъэм удихьэх къудейкІэ зэфІэкІыркъым, сут хуэдэ Іуэхугъуэми зыхуэбгъэсэн, хуэІэкІуэлъэкІуэ ухъун хуейщ. Сылъэхъуэри, ди щІыналъэм кьыщыгъэнауэ, урысеймкІи щызгъэузэтакъым абы сыхуэзыгъэсэн. Апхуэдэу щыхъум, хамэ кьэрал щыщ зы щІалэ къзэгъуэтри, абы онлайн-курскІэ сригъэсауэ аращ, Ар къэуухат, ауэ Іэмэпсымэкэр зэбгъэпэщын хуейтэкъэ?! Мы Іуэхум куэд пыщІауэ кьыщІэкІащ. Іэмэпсымэ сызыхуеинуэкІ Интернеткіэ къэзгъуэтри, кьезгъэщауэ араущ. ЗаншІэу кьызэхъуІауи схужьІэнукъым алэрыбгъуэхэр - хуэмурэ къзэгъэІэрыхуауэ аращ. Я Іуэхущхэр сабийхэм тыгъэ яхуэсщІащ. Пэжыр жысІэнщи, сщэн Іуэху зезмыхуэу сызыпэрыхьа лэжьыгъэщ мыр, ауэ иужькІэ кьызгурыІуащ абы сом гуэри кьызэрыпэкІуэфынур.

- Адыгэ щауэмрэ пщащэмрэ я сурэт зы алэрыбгъум хэпщІыхьауэ сльэгъуащ. Апхуэдэхэр нэхъыбэу пщІыну уигу иль? Нэхъ щІэупщІэ ямыІэну пІэрэ, жызоІэ.

- Мы зэманым лъэпкъ тхьипхъэхэм, къапщтэмэ, адыгэ щэнхабзэм ехьэлІауэ лэжьыгъэ зы-тІу сщІауэ араущ. Ауэ, гу зэрылъыстамкІэ, ахэр цІыхухэм яГу ирихьа хуэдэщи, абы и лъэныкъуэкІэ сылэжьыну кьыщІэкІынщ.

- Алэрыбгъур зэІупщэн ипэ, итыну сурэтыр тепщІыхьын хуейщ. Абы щхьэкІэ сурэтыщІ Іэщ Іагъэм щыщ гуэр пхэлъапхъэкъэ?! Дауэ а Іуэхур кьызэрохуэлІэр?

- Пэжщ. Ар пщІын щхьэкІэ псом япэу сурэтыр тептхэн хуейщ. Ябынныкъуэм сэ езым тызотхэ. Хэт щІэрэ, курыт школым сыщыщІэса пІалъэм сурэт щІыныр мыІейуэ кьызэхьулІэу щытауэ жаІэкри, ар сэбэн кьысхуэхьужу кьыщІэкІынщ. А зи гугъу пщІа, адыгэ фащэ зыщыгъ щауэмрэ пщащэмрэ алэрыбгъум сэ езым Іэкіэ тесщІыхьжауэ араущ, сурэтым селпІуэрэ. Ауэ мы Іуэхум хуэгъэпсауэ проектор щыІэщи, ар зэзгъэпэщауэ нэхъыбэм зэрысщІыр аращ. Абыкіэ сурэтыр тыботхэри, щэкІым тридзэ нэхумкІэ тхьипхъэхэм къэрэндащкІэ урокІуэ. ИужькІэ ар цы Іуданэкіэ узыуэрей плъыфэхэмкІэ кьыбдожІ, зыкІэрыбогъапщІэ. Гъущыжа нэужь, Іэмэпсымэ щхьэхуэхэр щІыбощэж, цыр зэхуэдэу, алэрыбгъур нэхъ щабэу хъун щхьэкІэ. Лэжьыгъэ епхъэлІэн хуей псори кьызэщІэпкъуэжмэ, апхуэдэ зы алэрыбгъум зы тхьэмахуэм щІигъу токІуэда.

- КьыззэрызгурыІуэмкІэ, мы Іэщ Іагъэр уигу кьыдыхьащ.

- Араущ. Ауэ алэрыбгъу щыным нэмыщІ, иджыри ныбгъуэхэр согъашхэ.

- «Кабардинка» къэфакІуэ гупым ущхьзэрыхэкІыжар кьыптехьэлъэркъэ, Аскэр? Сыт хуэдэ гукъэкІыжхэр уиІэ абы епхауэ?

- КьыззмыхьэлъэкІауэ схужьІэнукъым. Ауэ нэхъыбэу кьыззхьэкІар лэжьыгъэм сыкъызэрыпэрыкІаракъым, атІэ сигу кьэх кьеуэр илъэс 11-м ныблагъэкІэ абы сыхэтащи, цІыху кьыздэпэжьажэр кьызэрызгъэнарщ. Зы унагъуэ хуэдэу дызэхэтащ псори. Сигу кьынжажэм ящыщущ, щэн хэмылъу, хамэ кьэралхэм дызэрыкІуари. Маррокко, Грециё, Тырку, Индие, Иордание, Израиль, Эстониё, Латвиё, Белоруссиё - щІыналъэ телъыджэ куэд тлъэгъуащ ансамблым дызэрыхэтым и фІыгъэкІэ. Абы си гъащІэр епхауэ зэрыщытам си дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ, гупым хэтхэм гу кьабзэ хузиІэщ, пщІэ, нэмыс яхузощІ. СакъыэхэкІыжами, сфІэфІу ансамблым и концертхэм сепльыну сокІуэ, сакІэльэопІ, сроугушхэ.

- Кьафэм зыхуэбгъэзэжьынкІэ хъуну?

- Кьэфэным пыщІауэ адэжкІэ сылэжьажьыну кьыщІэкІынкъым. Алэрыбгъу щыныпрэ ныбгъуэхэр гъэшхэныпрэ нэмыщІ, иджыри нэгъуэщІ мурад гуэркэр сиІэщи, абыхэм я Іуэху зесхуэну арагъэнщ.

- Упсэу! Уи мурадхэр къохъуІэну ди гуапэщ, Аскэр.

Епсэльар **БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

НэхъыфІым дэмыплъейм зиужьыркъым. Еджэмрэ тхэмрэ нэхъыбэ щыхьу зэманым уи бзэкІэ кьыдэкІа тхьилъэмрэ газетхэмрэ я бжыгъэр зэрыхэщІыр уигу тезыгъэхуэн щхьэусыгъуэ щыІэн хуей? Дызэхъуапсэхэм ящ нэху мыщ щыкІэ дуней хъурейм япэу зи цІэ кьышцІаІуэ «Нью-Йорк таймс» газетыр.

ДАПХУЭДЭУ пІэрэ электрон Іэмалхэр кьызэрежьам зыгуэр якІэригъэхуа пэтми, зи пщІи, зи хэхъуи, зи кьаруи хэмыщІа газет лъырзезьхьэхэр зэрылажьэр? Дэ сыт абыхэм яхуэдэ дыщІэмыхьыр? Уэзгупсысын ди куэдщ, ди жэуапхэри зэщхьну кьыщІэкІынкъым.

Кьызэрыдэкі бжыгъэм тепщІыхьмэ, «Нью-Йорк таймс»-р Америкэм щыещанэщ, дуней псом 4-нэ увыпІэ щиІыгъщ. Я сайтым маздм и кІуэцІкІэ газетеджэу мелуан 30-м нэс йохьэ. Газет кьэс кьыхуеджэныгъэ иІэ хабзэщ, и пэжьэкІэм лъабжьэ хуэхъу мардэхэр кьыкигъащ. «Нью-Йорк таймс»-м кьыдэкІын щыщІидзагъащІэм ар мыпхуэдэу щытащ: «Кьытебдзэну зыхуэфащэ хъыбархэр». Электрон лІэужьыгъэхэр кьежьа иужь, пщІыхьэ щырыуэр яхъуэжащ: «Зытепкъуэзу хъуэ хъыбарыр ууейщ».

1970 гъэхэм щегъэжьауэ газетым зытепсэлъыхьхэр мащІэу екъуэж. РубрикэщІэхэр нэхъыбэ мэхъу: «ХъыбарыщІэхэр», «ЦІыхуэм кьытхуэтхэхэр», «Хьарычэт Іуэхухэр», «Спортыр», «ЩІэныгъэ Іуэхухэр», «Гъуэзджэр», «ЗыхуэпэкІэр», «Унэр», «Нью-Йорк и хъыбархэр», нэгъуэщІхэри. Илъэс куэдкІэ «Нью-Йорк таймс»-р напэкІуэцІи 8 хъуэ кьыдэкІ газетышхуэу щытащ, адрейхэм ещхьу замыхъуэжу. Иужькіэ напэкІуэцІ бжыгъэр 6-м хуагъэкІуащ. ГъэщІэгъуэнщ «Нью-Йорк таймс»-м куэдрэ бжыгъэр зи тегъэщІапІэ сурэт щхьэжьІэпльыкІэхэр кьытридзэу зэрыщымытари.

Газетыр кьызэзыгъэпэщар журналист икіи политик Рэймонд Генрэ Джонс Джордж хьарычэтыщІэмрэт. «Нью-Йорк дэйли таймс» («Нью-Йорк кьалэм и махуэкъэ хъыбар») и цІэу кьыдэкІын щІидзэри, 1857 гъэм нобэ зэрихьэ цІэ нэхъ кІэщІым техьэжауэ щытащ. Газетыр зэрауТІыпщар Республикэ партым хэтхэм хэхыныгъэхэр ядиІыгъ хуэдэуТ, арщхьэкІэ зэманым кІуэ пэтми нэхъ щхьэхуит ищІурэ, икІэм-икІэжьым псори зыфІэзыгъэлІыкІ кьыдэкІыгъуэ лъэщ хъун хуэзфІэкІащ. Езым и пщІэр зэриГъуэтыжрэ, «Нью-Йорк таймс»-р кьалъытэ зэхэгъэж зымыщІ, пэжым и тельмэхэ газету.

Ди щхьэм щыдгъэкІэрахъуэ уупщІэр, дауи, абы и мылькур кьыздрихымрэ зэрызэбгрыкІ щыкІэмрэщ. Нобэ телефон кьэзыщэхуэм гу лъатэ абы тебгъэкІыну ухуимыту гъэдзэнкэр зэрыхагъэувэм. Ар дэ щІэх кьыдэмыхьхуІэну, «Нью-Йорк таймс»-м и Іэмалхэм ящ: телефоныр кьыдэзыгъэкІэм уагурОІэри (и уасэр иботри), уи газетыр ар къэзыщэху псоми яІэрохьэ.

1896 гъэм Окс Адольф кьищэхужа нэужь, газетыр нэхъри нэхъ цІэрыІуэ хъуащ. 1904 гъэм «Нью-Йорк таймс»-м япэ дыдэ кьхуьхьмиС журналистым радио Іэмалкіэ ратеж Іэмалкіэ ратеж Іэмалкіэ ратеж

Зэныбжьэгъугъэр ягъэбыдэ

Вовчок Маркэ (1833 - 1907) и цIэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музеим щекIуэкIащ «Межкультурные коммуникации - гарант взаимной интеграции и добрососедства» лэпкъхэм зэдай Iэхъум хыхьэу ялэу къызэрагъэпэща «Долинские встречи у Марии Вилинской» зэлуцIэр.

● Зэлуцlэхэр

IУЭХУР я жэрдэмщ Дунейпсо, Урысей Арт комитетхэм я вице-президент, академик, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкIэ ЮНЕСКО-м хэт, «Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэ» орденыр зыхуагъэфэща **Бейтыгъуэн Iэуес**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Тхылъыр фIыуэ зылъагъуэхэм я зэгучъэныгъэм и советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт, УФ-м и ТхакIуэхэми и Журналистхэми я зэгучъэныгъэхэм хэт **Шинкарёвэ Наталье**, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и доцент, культурологиемкIэ кандидат **Щауэцыкlу Людмилэ**, Вовчок Маркэ и цIэр зезыхьэ унэмузейм и унафэщIым и къуэдзэ **Лэжьэрей Энессэ** сымэ.

Лъэпкъхэм я щэнхабзэр лъабжьэ зыхуэхъуа зэхьихьэгуапэм гъунэгъу щIыналъэхэм щыщ хьащIэхэри къратъблигъат. Зэхьыхьэм хэтащ икIи къыщыпсолъащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Ингуш республикэхэм я лIыкIуэхэр: Шэшэным и Жылагъуэ зэгучъэныгъэхэм я союзым и унафэщI, зи лIыкIуэ республикэм и Жылагъуэ палатэм хэт **Мацаев Мамий**, Ингушым и Композиторхэм я зэгучъэныгъэм и унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Сердце отдаю детям» дунейпсо дыщэ орденыр зыхуагъэфэща Шадыжевэ Фариз, Ингушэ, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цIыхубэ артист, УФ-м и Композиторхэм я зэгучъэныгъэм хэт, Кавказым и музыкэ саугъэт нэхъыщхьэр - зыхуагъэфэща **Эсмурзиев Аллэудин**, Нэзран къалэм гъуазджэхэмкIэ и Сабий школым и унафэщI, Ингушэ Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Медаровэ Маринэ**, Шэшэн, Осетие Ипщэ республикэхэм я цIыхубэ артист **Ясаев Магомед**, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Накуэ Феликс**, Лъэпкъ музейм и хьумакIуэ нэхъыщхьэ **Тапаловэ Иринэ**, нэгъэзыщIэхэри.

ЗэлуцIэм къыщыпсолъа дэтхэнэми къыхигъэщащ къаIэта Iэхэугъуэм нобз мыхьэнэшхуэ зэрIэр, Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэхуэщытыкIэ гуапэхэмрэ щэнхабзэмкIэ зэрыпхузэкъумэнур. Зэхуэсахэр къыгеувыIащ щIалэгъуалэм я Iэхъу зэIумыбзэхэм, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ ялэ зэрригъэщщыпхъэм, щIэблэр тхыдэм щIэпIыкIым, хэгъэгъуэзэн зэрыхуейм.

Лжэхэрей Энессэ хьэщIэхэр иригъэблагъэри, урыс, украин тхакIуэ Вовчок Маркэ и унэ-музейм зыщригъэпIыхьхащ. Абы щIыбоIыгъу пасэрей унэльащIэхэр, сурэтхэр, хьэпшыпхэр, тхакIуэм къыдигъэкIа тхыльхэр. КъищынэмыщIауэ хьэщIэхэм щIэщыгъуэ ящыхъуащ КъБР-м Тхыльыр фIыуэ зыльъагъуэхэм я зэгухьэныгъэм къыззригъэпэща экслибрис выставкэри. Абы щагъэльагъуэ Москва и экслибрис музейм и фондым щахъуэмэ лэжьыгъэхэм щыщхэр.

1906 гъэм и гъатхэм Вовчок Маркэ (и цIэ дыдэр Велинская Марие щIыхьэгъусэ Лобач-Жученко Михаил и гъусэу Налшык къалэм къэIэпхъуат зэпымыууэ щыпсэуну. Долинск щIыпIэм деж щы къыщащэхри, унэ щахуащ. Налшык Марие куэдрэ щыпсэуакъым. 1906 гъэм и кIэхэм ар сымаджэ хьэлъэ хъури, дунейм ехыжащ. 1954 гъэм мраморым къыхэщIыкIа бюст Марие а щIыпIэм щыхуагъэуващ. 1978 гъэм украин скульптор Фещенко Василь Марие и фэеплъыр ищIащ. Котляровхэ Викторрэ Марие я тхылъ тедзапIэм «Народная книга» серием хьихьэу къыщыдагъэкIащ «Последний приют Марко Вовчок» тхылъыр.

Велинская Марие уэсрт къигъэнат фIыуэ ильагъуу щыта кхъужьеижьым деж щыщIалъхьэжьну. Ар гъэзэщIами, а кхъужьейр ди нобэм къэсакъым. А Iэхъур къалъытэри, хьэщIэхэм абдеж кхъужьей щагъэтIысащ, унэ-музейр си цIэкIэ щыт тхакIуэм и фэеплъу икIи лъэпкъхэм зэдграгъэжьа лэжьыгъэ дахэм и дамыгъэу.

ЗэлуцIэм концерт гъэщIэгъуэни хуагъэхьэзырат Къэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн, Ингуш республикэхэм я артистхэм. Псом хуэмыдэу ягу дыхьащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтымрэ Щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкIэ колледжымрэ я студентхэм ягъэззэщIа лъэпкъ уэрэдэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЩIэщыгъуагъ къахелъагъукIыф

Жэбалы Заирэ сурэтыщI ныбжьыщIэщ. Псэм зыдащI хуэдэщ и лэжьыгъэхэм. ЩIэзэпсым, псэущхьэхэм, куалэбзухэм, къэкIыгъэхэм щIэщыгъуагъ къахелъагъукIыф. Сурэтым псэ хелъхьэри, ущеплъкIэ мыгурыIуэгъуэу къару щабэ гуэр хыболъагъуэ. Алхуэдэщ Заирэ и сурэт дунейр! ТхылъымпIэм деж алхуэдэ зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэ бзылъхугъэм и гупсысэхэри бзыгъэщ, акъыл хэлъщ. Езым и дуней тетыкIэр дахагъкIэ псычIащ. ТфIэгъэщIэгъуэну дедэIуащ Заирэ и гупсысэхэм...

- Заирэ, узыхуеджам, ущеджам и гугъу кIыгъэщIыт.

- Налшык дизайнымкIэ колледжыр къэзухащ. ИужькIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым декоративнэ-прикладной гъуазджэмкIэ и кIудамэм сыщIэтIысхьэри, дыщэкIыу седжащ. 2016 гъэм къэзухащ университетыр. Си гум фIэфIу къыхэсхэр сурэт щIыныращ. Сурэт сощI, гъуазджэмкIэ школым абы щыхуэгъэджэ.

- Сурэт щIыныр сабиигъуэ хъуэпсапIэу уиIа?

- Сурэт щIыным теухуауэ зэи сакъыхэщакъым си ныбжьэгъу цIыкIухэм. СщIырт сурэт, ауэ адрейхэм хуэдэут - тIэкIу сытригъуэуэ арат. Колледжым сыщIэтIысхьэщ, сурэт щIыным и щэхуэр дагъэджьн щIадзэри, мис абы щыгъуэ сыдихьэхащ егъэлеяуэ. Еджэнэр зэи къыстехьэлъакъым, апхуэдизу сызыIэпишэрти. Жэщым сурэт сщIыуэ сыщыст куэдрэ.

- Дауэ сурэт зэрыпщIыр, сыт нэхъ уэзлэжьхэр, нэхъ ппэгъунэгъур сыт хуэдэ лIэужьыгъуэра?

- Нэхъапэхэм натюрмортхэр куэду сщIырт. ИтIанэ, щIыналъэм сыщылажьэрт - абы ситхьэкъурт. Иджыпсту тIэкIу нэгъуэщI зыгуэру сылажьэу жьлIэ хъунущ. Сюжет къызогупсыс, япэраеу. Си нэгум къыщIэувэ теплъэм, си щхьэм щызэпэща сюжетым сыподжэж. Си гум дохьэ апхуэдэ Iэмалыр - сурэтхэр саззрыщыгугъым хуэдэу къызохъулIэ.

- Уи лэжьыгъэхэр интернет напэкIуэцIхэм щызолъагъу, абы теухуауэ я гупсысэхэри къыкIэщIатхэ цIыхухэм. Ар сэбэн къыпхуэхъурэ?

- Сыт хуэдэ Iэужу ирехъуи, сэбэнщ укъэзыухъуреихьэхэм ар къаззрыщыхьур пщIэныр. Псом хуэмыдэу а Iэужум зеппщIатгъащIэмэ. Сэ сурэт щIын щыщIэздзагъащIэм Iауэ сурэтым си лэжьыгъэхэр къаззрыщыхьэм итIанэ сигъкIуатэрт. Нэхъ къызэхъулIэхэр, сызытегушхэн хуейр субзыхурт.

- Уэебгъаджэ цIыкIухэм яхэт сурэтыщI хъуну узыщыгугъ?

- ГъуазджэмкIэ школым щеджэ сабийхэм яхэтщ хъарзынэу сурэт зыщIыфхэри, нэхъ мащIэу къызэхъулIэхэри, зэуэ къахэIэпишэри. Ахэр псори сурэтыщI хъуну аракъым. Хэт дизайнер хъунущ, хэти - архитектор. Абыхэми сурэтым и щэхуэр, плъыфэхэр яджвипхъэщ.

- Ди республикэм щыIэ сурэтыщIхэм хэт къахэбгъэщхьэхукIынт, и Iэдакъэщ!экIхэр уи гум нэхъ дыхьэу?

- Щэмей Руслан и лэжьыгъэхэр къыхэзгъэщынт! Зыми ещхькъым, щIэщыгъуагъ яхэлъщ, хъэтI дахэкIэ гъэззэщIащ.

- Сыт уи сурэтхэр уэркIэ?

- Си псэм и щытыкIэр къэзыгъэлъагъуэщ. Дауи, сыхуейщ ахэр цIыхухэм я гум дыхьэну, игъэгупсысэну. Сурэтхэр цIыхухэм яхэсхьэну сызыхуейр дахагъэщ.

- Плъыфэхэм яхэт хъунщ нэхъыбэрэ къэбгъэсэбэп...

- Плъыфэхэм куэд елъытащ, пэжщ, куэд кхыжаIэ. Зэман зэхуэмыдэхэм си лэжьыгъэхэм къыщызгъэсэбэпыну сфIэфI плъыфэхэм захъуэж, ауэ зы плъыфэ закъуэ хэзубыдыкIыркъым. Иджыпсту сфIэфIщ удыкфэ, щIыхь, шакъафэ, яжьафэ къэзгъэсэбэпын.

Плъыфэхэм теухуауэ литературэ гъэщIэгъунэхэр щыIэщ. Сигу ирохь Иттен Иоганнес «Искусство цвета» тхылъым плъыфэхэр зэрыщыдзэхигъэщхьэкIыжр.

- Уэ узыихэт «Синдикат» зэгучъэныгъэм и гугъу уэзгъэщIынут.

- Ар сурэтыщI, сурэттех, тхакIуэ ныбжьыщIэхэр зыхэт зэгучъэныгъэ гъэщIэгъуэнщ. Абы къызэригъэпэщауэ дыхэтащ «Исключение», «Шире круг» зи фIэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэхэм. Апхуэдэхэм Iэмал къыдат ди лэжьыгъэхэр цIыхухэм едгъэлъагъуну, закъедгъэщIыхуну, ди зэфIэкIхэм едгъэлъыну! Дэ езыхэри ди гупсысэрэ Iэху еплъыкIэкIэ дыздэгуашэ.

- Уи Iэщ!агъэм теухуауэ хъуэпсапIэ уиIэ?

- Таурыхъ тхылъ си сурэтхэмкIэ згъэщIэрэщIэну си хъуэпсапIэщ.

- Зэгуэр бгъэщIэрэщIа!а уи сурэтхэмкIэ?

- Тхылъ къыхуихуакъым, ауэ макъамэ альбом згъэщIэрэщIащ зыбжанэрэ - сигу ирихьащ.

- Сабиигъуэм щыщу сыт къыхэпхьжынт?

- Бгыр, псыежэхыр, уафэ хъащхъуэр! Си анэшхуэм деж къуажэм куэдрэ сыкIуэжырт. А псор щIэтт си нэгум. Сабиигъуэр махуэ къэс тельыджэ къыщыхьу зэманц. НыбжьыщIэм фIэгъуэщIэгъуэну щытыпхъэщ и хъуреягъым къыщекIуэкIхэр. Иджыпсту сэ езгъаджэ сабийхэм сакIэлъопIри, псоми телефоныр яIыгъщ ямыуТIыпщу. Сэ щхьэхуимыту абыхэм зазэгъапщэ, си сабиигъуэр сигу къэзгъэкIыжу! Иджырейхэр икIи сфIэгуэныхь мэхъу. Дунейм и тельыджагъыр къальагъуфыркъым! КъызэрыкIыным хуэныкъуэ я гупсысэр телефон экраным ешх, зыужьыпIэ къаритыркъым интернетым. Псалъэм щхьэкIэ, упщIэ гуэрхэм я жэуапхэр езыр-езыру кIиIэлъыхъуэрэ зиужьыпхъэщ сабийм. АрщхьакIэ, иджырейхэм я упщIэхэр интернетым иратхэмэ, абы къахутридзэ жэуапым арэзы ещI.

Епсэльар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

● Спорт

Аланэ и ехъулIэныгъэ

Ди лъахэгъу Скрипко Аланэ и ехъулIэныгъэмкIэ хуабжьу дигъэгуфIащ. Урысей Федерацэм ныбжьыщIэхэм я дежи пашэныгъэ къыщыхьыныбжьыкIэ Ленинград областым и «Выборг» спорткомплексым щызэхэта зэпеуэм абы ялэ увыпIэр щиубыдащ.

ЗИ ныбжьыр илъэс 13-м къыщыщIэдзауэ 17-м нэсыху хъыджэбзкэр гупитIу гуэшауэ зэхьэзэхуэм хэтащ. Зи хьэлъагъэр киллограмм 71-м нэблагъэхэм я деж Аланэ нэхъ зэфIэкI зиIэ къаохэкIакъым. УмыгъэщIэгъэн пхуэзэфIэкIынукъым апхуэдэ ныбжь фIэкIа зимыIэ пщащэ Iэмащ!эльэмащ!эм къарукIэ хуэзэфIэкIыр. Абы лIэужьыгъуитIкIэ къиIэтахэр зэхэплъхьэмэ киллограмм 204-рэ ирокъу. Апхуэдэу ди хэкуэгъу ныбжьыщIэм хуабжьу игъэгуфIащ зыгъэхьэзыра и гъэсакIуэ Шэкэм Михаил.

«Гладиатор» спорткомплексым

Кавказ Ищхъэрэм пашэныгъэ къыщыхьыныбжьыкIэ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ Налшык дэт «Гладиатор» спорткомплексым щызэхэтащ. Ди лъахэгъуэм нэмыщI Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ипщэм, Дагъыстэным, Ставрополь краим къикIа-хэр зэхьэзэхуэм кърихьэлIат. Псори зэхэту цIыху 90 хъурт.

ДИ спортсменхэм икъукIэ ехъулIэныгъэшхуэ мыбы щалащ. Бжьыпэр зыубыдахэм ящыщщ Чэгъэду Ислъам, Дзэху Дисанэ. ЕтIуанэ увыпIэр кхахьащ Хьэнцэ Исльамрэ Сундиевэ Елизаветэрэ. Ещанэ хъуащ Лавринович Аурикэрэ Серегинэ Даниилрэ.

Зэблэдзауэ, гъусэ зэхуащIу зэпэщIэтахэм Дэхъу Дисанэрэ Мэхъэчкъалэ щыщ Ахмедханов Магомедрэ къапэлъэщым кхыхэкIакъым - ахэр Кавказ Ищхъэрэм и чемпион хъуащ.

Зэпеуэм щытекIуаехэр Урысейпсо чемпионатым хэтынущ. Ар мэлыжьхьхь мазэм Чебоксары кьалэ щекIуэкIынущ.

ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ Аслъэн.

ЩIэблэр ди блэкIам щагъэзгъуазэ

Налшык къалэ дэт сабий сад №49-м иджыблагъэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я унагъуэхэм кьадекIуэкI хабзэхэр» зи фIэщыгъэ дерс зэлуха. Ар къызэрагъэпэщащ икIи ирагъэкIуэкIащ гъэсакIуэхэу Щоджэн Ирэрэ Геграевэ Айзинэтрэ.

ДЕРСЫР теухуат лъэпкъым и щэнхабзэмрэ щалъхуа щIыналъэмрэ сабийхэр щыгъуэзэ щIыным, абы пщIэ хуащIу цIыкIуэр къэгъэтэджыным. НыбжьыщIэхэм адыгэ фащэ ящыгъуу джэгукIэ зэхуэмыдэхэр кьагъэлъэгъуащ, усэ кьеджащ, уэрэд жаIащ. Сабийхэр щыгъуазэ ящIащ ди республикэм и дахагъым, абы лъэпкъ куэд зэрыщыпсэум. ГъэсакIуэхэр цIыкIуэхэм яхутепсэлъыхьащ ди щIыналъэм и псыежэхэхэм, къуршхэм, ауэхэм.

Дерсым пасэрей хьэпшыпхэр къахьри, ахэр цIыкIуэхэм ирагъэцIыхуащ. Лъэпкъым кьыдекIуэкI гущэхэпхэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэми ирагъэблагъащ сабийхэр, езыхэри гъэсакIуэхэри хэту.

Гулъытэ хэха хуащIащ дунейм кьытехьахэм фIащу щыта цIэхэм, кьыщалъхуа махуэм тыгъэ хуащIу екIуэкIхэм. Гъэсэныгъэ щыгъуазэ ящIащ лъэпкъым кьадекIуэкI хабзэм, псэукIэм, кьыщалъхуа щIыналъэм и кьулеягъым. ЦIыкIуэхэм ирагъэшхащ адыгэ шхынхэу тхъурыжь, хьэлыуэ, зэкIэрыс, лэкъум, нэгъуэщIэхэр. Апхуэдэ дерсхэм, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ яIэщ сабийр гъэсэныкIэ, и лъэпкъыр, и щIыналъэр фIыуэ ильагъунымкIэ.

Тхыгъэри сурэтхэри **БИЦУ Жаннэ** *ейщ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ чемпионатым и зэ чэзу зэлуцIэхэр зэхэтащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, мащIэу къытщыхьуами, гъэщIэгъуэн гуэрхэр мы иужь джэгуГуэхэм къыхэмыкIыу кьэнакъым. Пэжщ, зэхьэзэхуэм щыпашэхэр ялэ зэриттщ, нэхъ зэныкъуэкъуу, здэщыт увыпIэмкIэ зэхъуажэу гу зылъытIтэр адрейхэм я дежщ.

ЕПЩIыКIУЩАНЭ джэгуГъуэм кьрикIуам ахэлъэм, псом ялэу, нэм къыщIимыдзэу кьаназрэхьм мы щымахуэ чемпионатым, нобэкIэ, нэхъ бжьыгъэшхуэкIэ иуха зэлуцIэр. 10:0! ЕтIуанэ увыпIэм щыт «Шагъдийр» апхуэдэу текIуащ щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщIидзэрэ очкоиплI фIэкIа къыхуэмыхьауэ кIэух увыпIэм къыщына Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и командэм. Зы зэман а гупитIми ильэс бжьыгъэ гуэркIэ сыщыджэгуауэ щытащи, къыхуэщIэжьркъым студентхэр апхуэдэу щыхагъэщIауэ щытари, зеикъуэдэсхэр гуп нэхъыщхьэм щыщу кьапэщIэта хьэрхуэрэгъуэхэм щытекIуэгъари. Мыбы ипэкIэ, щIымахуэ чемпионатым и епщыкIуIэнэ джэгуГуэм «КъБКъУ»-м ялэ текIуэныгъэр къыщиухьат. Ар 3:2-уэ текIуат ебланэ увыпIэм щыта «Ислъэмейм». Абы иужькIэ хэт игуГъэнт апхуэдэ бжьыгъэшхуэкIэ студентхэр хагуэну.

Бахьсэн и «Автозапчасть» командэр, гугъу дехьами, еханэ увыпIэм щыт Малкэ къуажэм и «МАХ»-м 2:1-уэ текIуат. Дауи, абы бжьыпэр зэрИыгъащ.

Нэхъ бгьэщIагъуэ хьунухэм ящыщ щыщ ещанэу щыт Налшык и «ГорИс»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ зэрызэдэджэгуар. 3:2-уэ, еянэ увыпIэм щыта, кьуажэдэсхэм текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэн яхуэлъэкIащ.

Апхуэдэу, умыгъэщIагъуэу кьыпхуэгъэнэнукъым «Тэрчымрэ» «ИслъэмеймрэI» зэрытемыгъакIуэу, 0:0-у, зэрызэбгъэдэкIыжар.

Иджы щыгъуазэ фIыуэтщIынщ адрей зэлуцIэхэм кьарикIуа бжьыгъэхэм: **«Бабугент»** (Бабугент) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **1:1**, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) - **2:1**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Искра»** (Альтуд) - **1:2**, **«Локомотив»** (Налшык) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **1:0**.

КъыкIэлъыкIуэ зэлуцIэхэр дыыхьэкIуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм зэхэтынуц: *ГъатхэпэIм и 4-м:* «КъБКъУ» - «Инал», «Автозапчасть» - «Искра», «Псыгуэнсу» - «Мурбек-ФШ», «Локомотив» - «Шэджэм-2», «Тэрч» - «МАХ»; *ГъатхэпэIм и 5-м:* «Шагъдий» - «ИслъэмеI», «Бабугент» - «Спартак-Д», «ХьэтIохъущыкъуэ» - «ГорИс».

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ чемпионатыр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	13	12	1	0	55-11	37
2.	«Шагъдий»	13	11	1	1	42-10	34
3.	«ГорИс»	13	8	3	2	36-23	27
4.	«Искра»	13	8	2	3	34-11	26
5.	«Тэрч»	13	7	3	3	32-9	24
6.	«МАХ»	12	6	2	4	19-15	20
7.	«Шэджэм-2»	13	6	0	7	20-32	18
8.	«ИслъэмеI»	13	5	3	5	25-24	18
9.	«Бабугент»	13	4	2	7	15-26	14
10.	«ХьэтIохъущыкъуей»	13	4	2	7	16-28	14
11.	«Мурбек-ФШ»	12	4	1	7	15-30	13
12.	«Спартак-Д»	13	3	3	7	23-23	12
13.	«Псыгуэнсу»	13	3	3	7	18-33	12
14.	«Локомотив»	13	3	2	8	16-34	11
15.	«Инал»	13	2	3	8	17-36	9
16.	«КъБКъУ»	13	1	1	11	12-50	4

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСэ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ!эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ!Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэ хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхъущ!аIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.705
Заказыр №423
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаIэта Iэхъугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iэхъу еплъыкIэр зэтехуэз зэпыту щIыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщ!эныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(1, 4-нэ нап.).*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.